



Kesyon moun Poze Souvan yo: Vaksen COVID-19

Mizajou **13 janvyè, 2021**: Enfòmasyon yo toujou kontinye ap evolye rapidman epi BPHC ap mete enfòmasyon sa yo ajou kou nouvo ak enpòtan enfòmasyon yo vin disponib epi ap idantifye nouvo kesyon ki ajou yo an **wouj**.

DISPONIBLITE VAKSEN

1. Konbyen vaksen ki genyen epi ki tip yo ki nan devlopman?

Genyen plizyè douzèn vaksen ki an devlopman kounye a, epi genyen anpil k ap mache nan faz devlopman final yo. Vaksen ki soti nan de (2) pwodikte yo, Pfizer ak Moderna te apwouve an desanm 2020.

2. Ki kantite vaksen ki pral disponib nan Masachousèt?

Se Eta k ap jere distribisyon vaksen. Pou jwenn enfòmasyon ki ajou epi ki egzakt, revize rapò vaksinasyon Eta a chak semèn nan sitwèb <https://www.mass.gov/info-details/covid-19-vaccination-program#weekly-covid-19-vaccination-report->

3. Kilès ki pral pran vaksen anpremye?

Gouvènman federal la te rekòmande, epi Gwoup Konsiltatif Masachousèt pou COVID-18 te dakò, pou premye dòz vaksen yo ale jwenn moun yo ki genyen pi gwo riks pou trape COVID-19, tankou travayè swen sante yo, sekouris yo, (sètadi EMS, ponpye ak polis), avèk rezidan ak manm pèsònèl ki nan anviwònman kote yo bay swen ankomen tankou mezon retrèt yo,abri avèk enstitisyon koreksyonèl yo.

Masachousèt mete metòd enpasyalite kòm yon prensip debaz nan rekòmandasyon li yo, li prale pi lwen pase rekòmandasyon nasyonal yo pou bay priyorite ak tout travayè sante yo k ap fè fas ak COVID-19, tankou travayè nan sèvis manje ak antretyen yo, ansanm ak asistan swen pèsònèl yo. Moun nan anviwònman kote yo bay swen ankomen, tankou abri avèk enstitisyon koreksyonèl yo genyen priyorite tou.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou kalandriye distribisyon vaksen an, vizite sitwèb <https://www.mass.gov/info-details/covid-19-vaccination-program#vaccine-distribution-timeline->

4. Èske li pral obligatwa pou lòt rezidan yo vaksinen?

Nou pa konnen okenn plan pou kounye a pou ta fè vaksen COVID-19 yo obligatwa, epitou administrasyon Biden nan te di li pa gen plan pou ta fè vaksen an obligatwa atravè peyi Etazini an.

5. Yon fwa vaksen COVID-19 lan disponib, ki kote mwen ka ale pou pran li?

Lè vaksen COVID-19 lan disponib pou gran piblik la, Konsèy Sante Piblik nan Boston pral travay avèk Vil Boston, sant sante ak lopital yo, Eta a, òganizasyon kominotè yo ak lòt yo pou asire vaksen an aksesib epi moun konnen ki kote pou jwenn li. Nou te itilize menm estrateji sa yo pou garanti vaksen kont grip yo ak tès pou COVID-19 yo disponib epi aksesib ak tout moun.

6. Èske mwen pral peye pou vaksen an?

Gouvènman federal la bay vaksen an gratis pou tout moun, enkli moun yo ki pa genyen asirans, ki pa genyen papye imigrasyon avèk etidyan entènasyonal yo.

Konpayi asirans yo angaje yo pou yo pa chaje okenn frè franchiz oswa kopeman anrapò avèk administrasyon vaksen COVID-19. Anplis, tout lokal founisè swen sante yo ki resevwa vaksen COVID-19 dwe dakò pou pa chaje pasyan yo okenn frè franchiz oswa refize okenn moun sèvis pou vaksinasyon.

Founisè yo kapab jwenn ranbousman nan nivo federal pou kèk depans pou administrasyon. Men, yo p ap fè pasyan yo oswa asirans peye. Sa fè pati de akò vaksinasyon founisè a kote chak founisè dwe siyen yon fason pou resevwa nenpòt vaksen pou distribisyon.

EFIKASITE VAKSEN

7. Kijan vaksen COVID-19 yo mache?

Premye vaksen COVID-19 ki disponib yo travay lè yo deklanche sistèm iminitè a pou pwodui antikò yo. Antikò sa yo pwoteje nou kont enfeksyon si vrè viris la antre non kò nou.

8. Èske vaksen an ap anpeche mwen pran COVID-19?

Done etid klinik te montre vaksen COVID-19 yo vrèman efektiv (jiska 95 pousan) nan prevansyon COVID-19, patikilyèman nan anpeche ka ki pi grav yo nan viris sa a.

Vaksen an ap pi efektiv pou pwoteje w si ou resevwa toulède dòz yo anseri. Si sèlman premye dòz la ou resevwa, ou p ap kapab byen pwoteje kont COVID-19 jan w ta dwe pwoteje.

Anplis pou pran vaksen an, li enpòtan tou pou kontinye mete maks avèk pratike sosyal distans paske:

1. Se pa tout moun ki pral vaksinen anmenmtan.
2. Malgre pa gen anpil chans pou sa rive, li toujou posib pou trape COVID-19 apre w fin vaksinen, paske pa genyen vaksen ki efikas a 100 pousan.
3. Nou pa sèten pou kounye a pandan konbyen tan vaksen pral pwoteje w kont COVID-19. Lè w mete maks avèk pratike sosyal distans, sa bay pwoteksyon anplis.



9. Konbyen dòz mwen pral bezwen?

Toulède vaksen yo Pfizer ak Moderna, ki aktyèlman nan etid klinik Faz 3 Ozetazini yo oblije de (2) dòz. Premye dòz la kòmanse devlope pwoteksyon epi dezyèm dòz la, yo bay nan kèk semèn apre, nesèsè pou jwenn pifò pwoteksyon vaksen gen pou ofri. Pou vaksen Pfizer a, w ap pran dezyèm dòz la nan twa (3) semèn apre premye a. Pou vaksen Moderna a, w ap pran li nan kat (4) semèn apre.

Li enpòtan pou ou pran toulède dòz yo. Si w pa pran yo, ou p ap byen pwoteje kont COVID-19 jan ou ta dwe pwoteje a.

Pwoteksyon kont vaksen an pa imedyat. Li pral pran 1 a 2 semèn apre dezyèm dòz la pou konsidere kòm vaksinen konplètman epi pou resevwa nivo pwoteksyon an ki pi wo a (apre 95%).

10. Èske mwen dwe kontinye mete mask la si mwen pran vaksen an?

Repons pou kounye a, se wi. Mask, distans fizik, fè tès, kontak pou depistaj, avèk vaksinasyon yo tout dwe konbine pou elimine COVID-19.

Pa genyen okenn estrateji ki efikas a 100%, menm vaksen an. Jiskaske kantite ka COVID-19 yo nan kominote nou an ba ase pou anpeche pwopagasyon, tout estrateji pou prevansyon yo nesèsè pou itilize.

Toujou genyen anpil pou aprann sou kijan vaksinasyon kapab diminye maladi a, gravite oswa transmisyon epi pandan konbyen tan pwoteksyon an dire. Kidonk moun ki vaksinen yo ta dwe kontinye swiv tout direktiv aktyèl pou pwoteje pwòp tèt yo, ak lòt moun yo, tankou:

1. Mete yon mask
2. Rete omwen 6 pye distans ak lòt moun
3. Evite fowl moun
4. Lave men sou avèk dlo ak savon oswa itilize dezenfektan men abaz alkòl
5. Swiv [direktiv vwayaj](#) Sant pou Kontwòl Maladi ak Prevansyon (Center for Disease Control and Prevention (CDC))
6. Swiv [direktiv karantèn](#) CDC apre yon ekspozisyon ak yon moun ki genyen COVID-19
7. Swiv tout direktiv ki aplikab nan espas travay oswa nan lekòl

11. Si mwen te genyen COVID-19 deja, èske mwen bezwen pou mwen vaksinen?

Yo ta dwe ofri vaksinasyon COVID-19 kèlkeswa istwa enfeksyon COVID-19 anvan avèk sentòm oswa san sentòm. Men, yo ta dwe ranvwaye vaksinasyon jiska apre rekiperasyon nan maladi grav (si moun nan te gen sentòm yo) epitou kritè dwe satisfè pou sispann izolasyon.

Pa genyen okenn entèval minimòm ant enfeksyon ak vaksinasyon, Men, prè aktyèl sijere re-enfeksyon pa abityèl nan espas 90 jou apre enfeksyon inisyal la epi kidonk moun sa yo te dokimante ki genyen enfeksyon grav nan 90 jou anvan yo ka ranvwaye vaksinasyon an jis nan fen peryòd sa a, si



yo vle.

Founisè swen sante yo te di yo toujou kontinye ap bay vaksen an ak manm pèsonèl yo ki te gen COVID-19 deja.

SEKIRITE VAKSEN

12. Ki jan pou nou fè konnen si vaksen an an sekirite?

Vaksen sibi plis tès pase tout lòt pwodui famasetik yo. Anvan you mete nenpòt vaksen disponib, li dwe pase nan devlopman ak tès ki sevè. Fabrikasyon serye anpil — chak dòz dwe toujou gen kalite ki siperyè.

Anplis de sa, yo kondui tès apwofondi nan esè klinik yo pou pwouve sekirite. Premyèman, ti gwoup moun resevwa vaksen esè a. Apresa, yo bay vaksen a moun ki genyen karakteristik patikilye yo (pa egzanp, laj ak sante fizik). Answit, yo bay vaksen an a plizyè dizèn milye moun epi teste efikasite ak sekirite.

Après, Administrasyon Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration (FDA)) ap revize done yon ansanm avèk konsèy endepandan, Komite Konsiltatif sou Pratik Iminizasyon (Advisory Committee on Immunization Practices (ACIP)) ap apwouve vaksen an, fè rekòmandasyon li yo pou itilizasyon. Antite sa yo se dènye pwoteksyon pou piblik la- pou garanti tout vaksen efikas epi san danje.

Nan plis pase 70,000 moun ki te patisipe nan esè klinik COVID-19 yo, 10 pousan patisipan yo se te moun Nwa epi 13 pousan te Ispanik/ laten epi pa te genyen okenn pwoblèm sekirite grav ki te obsève nan etid vaksen sa yo

13. Èske mwen kapab pran COVID-19 nan vaksen an oswa pwopaje COVID-19 apati de vaksen an?

Non, ou pa kapab pran COVID-19 nan vaksen an oswa pwopaje COVID-19 apati de vaksen an. Vaksen pa vrèman genyen viris la ki lakòz COVID-19, ki vle di vaksen pou kont pa li p ap lakòz ou pran oswa pwopaje COVID-19.

14. Ki efè segondè posib vaksen an genyen?

Genyen moun nan esè klinik yo ki te rapòte efè segondè modere, ki se endikasyon ki montre sistèm iminite ap travay. Doulè avèk/oswa woujè nan plas piki a se te reyaksyon ki pi komen. Efè segondè yo gen ladan yo tou:

- Maltèt
- Fatig
- Lafyè
- Frison



- Doulè nan mik
- Doulè na jwenti

Pou kèk moun, efè segondè sa yo te pi mal apre dezyèm dòz la.

Efè segondè akòz yon vaksen nòmalman ale poukont yo nan kèk jou. Ou kapab pran medikaman san preskripsyon, tankou acetaminofèn oswa ibipwofèn pou jere efè segondè yo apre vaksen an. Men, li rekòmande pou evite pran medikaman sa yo anvan ou pran vaksen ou an.

Apre ou fin pran vaksen an, yo pral ba w enstriksyon sou kijan pou jere sentòm sa yo.

You pral obsève tout moun ki fin pran vaksen an pandan 15 minit apre enjeksyon an pou asire yo pa genyen okenn siy reyaksyon negatif oswa reyaksyon alèjik. Y ap obsève pandan 30 minit moun yo ki genyen alèji grav yo avèk lòt vaksen oswa medikaman enjektab yo.

Yo pa te obsève okenn pwoblèm sekirite grav, tankou lanmò pandan etid vaksen sa yo.

15. Èske mwen ta dwe pran vaksen an si mwen gen alèji?

Genyen plizyè tip alèji epi anpil moun ki gen alèji ta dwe vaksinen. Dapre CDC, te genyen rapò ki fè konnen gen kèk moun ki te fè eksperyans reyaksyon alèjik respiratwa grav- yo rele tou anafilaksi – apre yo fin pran yon vaksen COVID-19. Kòm yon egzanp, yo konsidere yon reyaksyon alèjik grav lè li nesèsè pou yo trete moun nan avèk epinephrin oswa EpiPen® oswa si you dwe ale lopital.

Si ou te genyen yon reyaksyon alèjik imedyat - menmsi li pat grav- akòz yon vaksen oswa yon medikaman enjektab pou yon lòt maladi, mande founisè swen sante si ou ta dwe pran yon vaksen COVID-19. Founisè swen sante ou pral ede w deside si li pa gen danje pou ou ta vaksinen. Si ou genyen alèji ki pa gen rapò avèk vaksen, CDC rekòmande moun ki gen istwa reyaksyon alèjik grav ki pa gen rapò ak vaksen oswa medikaman enjektab yo- tankou manje, bèt domestik, venen, anviwònman, oswa latèks – pou yo vaksinen. Moun ki genyen yon istwa alèji avèk medikaman pou pran nan bouch oswa yon istwa fanmi ki genyen reyaksyon alèjik grav kapab toujou vaksinen. Pou plis enfòmasyon, klike [isit la](#).

Y ap obsève tout moun ki pran vaksen an pandan 15 minit apre enjeksyon an pou asire yo pa genyen okenn siy reyaksyon alèjik. Y ap obsève pandan 30 minit moun yo ki genyen alèji grav yo avèk lòt vaksen oswa medikaman enjektab yo.

Vaksen an pa genyen okenn pwodui manje yo, tankou ze epi li pa gen metal ladan l. Yon fwa ou kapab pran vaksen an, pale avèk yon alèjis ou si ou genyen enkyetid.

16. Èske timoun oswa tibebe yo kapab pran vaksen COVID-19 lan?



Vaksen Pfizer a te apwouve pou moun ki gen laj 16 zan ak pi plis epi vaksen Moderna a te apwouve pou moun ki gen laj 18 ane ak pi plis.

Kèk nan pwodiktè yo te kòmanse etid klinik yo avèk timoun 12 zan ak pi plis, men pa genyen vaksen pou timoun anba laj 16 zan ki apwouve deja. Li pral pran kèk mwa pou fini avèk etik klinik sa yo epi apre pou jwenn apwobasyon pou administre yo nan timoun yo.

Nou pa ko wè anyen nan esè klinik yo pou timoun 12 zan oswa pi jenn.

17. Èske fanm ansent oswa fanm k ap bay tibebe tete kapab pran vaksen COVID-19 lan?

Genyen etid k ap fèt konsènan sekirite vaksen COVID-19 yo nan fanm ansent epi pa ko genyen done pou sa.

Nou konnen vaksen COVID-19 la pa yon vaksen “anvi”. Li pa antre nan selil nan yon tibebe kap devlope. Anplis, nou konnen fanm ansent ki devlope COVID-19 genyen anpil riks pou devlope maladi grav epi kapab genyen anpil riks pou gen move rezilta gwosès tankou akouchman prematire.

Fanm ansent yo ta dwe diskite riks ak avantaj yo avèk founisè swen sante pou ede yo pran yon desizyon ki enfòmè.

18. Akòz genyen diferans ant diferan kalite/mak vaksen yo, èske yo pral fè konnen ki vaksen pasyan yo ap resevwa?

Wi, ou pral konnen ki vaksen w ap resevwa. Depatman Sante Piblik nan Masachousèt la (MDPH) avèk CDC te souliye pou doktè swen prensipal yo ta dwe genyen konvèsasyon sa a avèk pasyan yo ki gen kesyon sou nenpòt nan vaksen yo.

Akòz disponiblite vaksen yo, pasyan yo pa pral kapab chwazi ki vaksen pou yo resevwa. Toulède vaksen ki disponib yo sanble, epi toulède egzijè pou pran de (2) dòz epi toulède efikas depase 90%.

You moun dwe resevwa menm vaksen an pou toulède dòz yo. Pa genyen ase enfòmasyon pou ta fè konnen si yo atenn efikasite okonplè avèk de (2) dòz nan diferan vaksen yo.

19. Èske yo te jwenn konplikasyon oswa avètisman ki te bay nan moun ki te deja pran vaksen kont grip la?

Nou pa okouran si yo te bay okenn avètisman. Men, nap siveye depre epi nou pral kominike plis enfòmasyon lè yo vin disponib lè li nesesè.

20. Kisa nou vrèman konnen sou efè segondè alontèm posib yo?

Y ap siveye efè alontèm yo nan tout vaksen, menm vaksen COVID-19 yo. Sa yo ki dokimante jiska dat se efè akoutèm yo ye ki nòmal nan anpil vaksen. (Gade efè segondè posib yo nan kesyon # 17 anlè a).



21. Èske vaksen an afekte fètilite?

Pa genyen okenn prèv ki montre si vaksen COVID-19 afekte fètilite. Nan done sekirite ki soti nan esè Pfizer a, genyen menm pwopòsyon moun ki te ansent nan gwoup vaksen an avèk gwoup plasebo a. Baze sou sa, yo rekòmande vaksen an menmsi ou planifye pou vin ansent byento.

22. Kisa nou konnen sou vaksen Johnson & Johnson lan?

Apati 28 desanm, 2020, esè klinik yo (faz 3) sou gran echèl te an pwogrès oswa te planifye pou genyen twa (3) vaksen COVID-19 Ozetazini, ki enkli vaksen Johnson & Johnson COVID-19 lan.

23. E konsènan nouvo mitasyon nan Ewòp la? Kisa nou konnen de li ki Ozetazini an?

Nan Wayòm Ini (UK), genyen yon nouvo vèsyon ki parèt avèk yon gwo kantite mitasyon ki pa nòmal. Vèsyon sa a sanble pwopaje pi fasil epi pi rapid pase lòt vèsyon yo. Aktyèlman, pa genyen okenn prèv ki montre li lakòz maladi ki pi grav oswa ogmante riks pou lanmò. Yo te detekte vèsyon sa a premye fwa an septanm 2020 epi depi lè sa a yo te detekte li nan plizyè peyi nan lemond, menm Ozetazini ak Kanada.

CDC, nan kolaborasyon avèk lòt ajans sante piblik yo, ap kontwole sitiyasyon an depre. CDC ap travay pou detekte ak defini vèsyon viral k ap devlope yo ak elaji kapasite li pou siveye COVID-19 ak nouvo vèsyon yo. Nan moman sa a, menm estrateji yo pou anpeche vèsyon orijinal COVID-19 lan pral anpeche nouvo vèsyon an tou. Sa a gen ladan pou mete mask, pratike distans sosyal, epi lave men souvan. Pifò espè kwè vaksen COVID-19 lan ap toujou efikas pou anpeche nouvo vèsyon an.

24. Èske vaksen COVID-19 lan menmjan ak vaksen grip la oswa varisèl la? Èske yo pral dwe pran li ankò?

Yo pa ko etabli bezwen avèk kalandriye pou dòz rapèl vaksen COVID-19 yo. Nan moman sa a, yo pa rekòmande okenn dòz adisyonèl apre seri de (2) dòz prensipal yo.

25. Èske vaksen an pral rete nan kò mwen oswa antre nan ADN mwen?

Vaksen COVID-19 mRNA yo pa chanje oswa entè-aji avèk ADN ou nan okenn fason. Vaksen mesajè RNA yo- yo rele tou vaksen mRNA yo- se premye vaksen yo pèmèt pou itilize Ozetazini. Vaksen mRNA yo anseye selil nou yo kijan pou fabrike pwoteyin ki deklanche yon repons iminite. Vaksen COVID-19 mRNA yo travay avèk defans natirèl kò a pou devlope iminite kont maladi san danje. Nan fen pwosesis la, kò nou te aprann kijan pou pwoteje kont enfeksyon alavni. Repons iminite sa a avèk fabrikasyon antikò yo se sa ki pwoteje nou pou nou pa enfekte si yon viris reyèl antre nan kò nou. Selil la kraze epi debarase li de mRNA a touswit apre li fini sèvi avèk enstriksyon yo.



26. Yo pa adrese pwoblèm sante mwen la a. Kijan pou m fè konnen si vaksen an pa gen danje pou mwen?

Si ou genyen enkyetid sou pran vaksen COVID-19 lan, pale avèk founisè swen sante w.

27. Èske vaksen mache pou granmoun aje yo?

Wi. Granmoun aje yo ta dwe vaksinen paske yo genyen pi gwo risk pou entène lopital, maladi, avèk pou lanmò nan COVID-19.

